दिन– रविवार दिनांक–15.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अहमदाबाद विमान हादसा मे एकतीसटा पीड़ित के डीएनए नमूना के मिलान भऽ गेल अछि। एखन तक बारह टा शव मृतक सभ के परिजन के सौंपल जा चुकल अछि। अहमदाबाद सीविल अस्पातल के अतिरिक्त अधीक्षक डॉक्टर रजनीश पटेल कहलनि जे जाहि लोक सभ के डीएनए नमूना के मिलान भऽ गेल अछि, ओहि शव के हुनक परिजन के सौंपल जा रहल अछि। प्रत्येक मृतक के परिवारक लेल एकटा विशेष टीम गठित कयल गेल अछि। एहि टीम मे एकटा वरिष्ठ अधिकारी, एकटा पुलिसकर्मी आओर एक पेशेवर परामर्शदाता शामिल छथि।

---

बिहार राज्यक अनुसूचित जाति आयोग कहलक जे बाबा साहब भीमराव अंबेडकर के कथित अपमान के लऽकऽ पूर्व मुख्यमंत्री आओर राष्ट्रीय जनता दल के अध्यक्ष लालू प्रसाद के कारण बताओ नोटिस जारी कयल गेल। आयोग के उपाध्यक्ष देवेन्द्र कुमार आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे कहलनि जे पछिला किछु दिन सँ वायरल भऽ रहल वीडियो के सामने अयला पर स्वतः संज्ञान लैत आयोग ई नोटिस जारी कयल। श्री कुमार कहलनि जे शुक्र दिन ई नोटिस जारी कयल गेल छल। श्री प्रसाद के पंद्रह दिन के भीतर जवाब देबाक लेल कहल गेल अछि। आयोग के उपाध्यक्ष कहलनि जे सोशल मीडिया मे वायरल वीडियो काफी अपमानजनक लगि रहल अछि। एहि सँ पहिने सत्तारूढ़ भाजपा सेहो वीडियो अयला पर राजद अध्यक्ष के आलोचना कयलक। पार्टी के वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि प्रकरण के दुर्भाग्यपूर्ण कहलनि। एम्हर, राजद के प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी एहि प्रकरण के लालू प्रसाद के बदनाम करबाक साजिश कहलनि।

---

राष्ट्रीय जनता दल के वरिष्ठ नेता आओर पूर्व सांसद मंगनीलाल मंडल के पार्टी के नव प्रदेश अध्यक्ष घोषित कयल गेल। श्री मंडल उनैस जून के विधिवत रूप सँ राजद के प्रदेश अध्यक्ष पदक शपथ लेतैथ। एहि बीच पार्टी के वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव

कहलनि जे मंगनीलाल मंडल के पहचान एक समाजवादी नेता के रूप मे रहल आओर हुनक नेतृत्व मे पार्टी के मजबूती भेटल।

———————————————————————

प्रदेश मे उमस सँ भरल गर्मी के प्रकोप जारी अछि। पछिला चौबीस घंटा के दौरान प्रदेश मे बेसी स्थान पर भीषण गर्मी के स्थिती बनल रहल। गोपालगंज, सुपौल, फारबीसगंज, पूर्णियां आओर पटना मे गर्म आओर आर्द्र दिवस के स्थिती रहल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारी के अनुसार आइ सँ मौसम मे बदलावक पूर्वानुमान अछि। विभाग द्वारा कहल गेल जे राज्य के उत्तर—पश्चिम आओर उत्तर— पूर्व जिला के किछु जगह पर रीमझीम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि दौरान आंधी, मेघगर्जन आओर वज्रपातक आशंका के लऽकऽ ऑरेंज आलर्ट जारी कयल गेल।

———————————————————————

आइ वरिष्ठ नागरिक दुर्व्यवाहर जगरूकता दिवस अछि। एहि दिन वरिष्ठ नागरिक सभक संग होयबला दुर्व्यहार आओर हुनक उपेक्षा के रोकबाक लेल जागरूकता बढ़ेबाक अवसर प्रदान करैत अछि।

———————————————————————

वैशाली जिला के महुआ मे निर्माणाधीन मेडिकल कॉलेजक आइ बिहार मेडिकल सर्विसेज एंड इन्फ्रास्ट्रक्चर कॉरपोरेशन लिमिटेड के प्रबंध निदेशक नीलेश देओरे द्वारा निरीक्षण कयल गेल। एहि अवसर पर वैशाली के जिलाधिकारी बरखा सिंह आओर अन्य अधिकारी उपस्थित छलथि।

शेखपुरा के जिला शिक्षा पदाधिकारी मिड—डे—मिल योजना मे अनियमितता के आरोप मे सदर प्रखंड के धर्मपुर मध्य विद्यालय हेडमास्टर नजमुल होदा के निलंबित कऽ देल गेल।

पूर्वी चंपारण जिलाक कल्याणपुर थाना क्षेत्रक कोटवा—राजपुर मार्ग पर स्थित बेलवाडीह गामक लऽग सड़क दुर्घटना मे दू टा युवक के मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

समाप्त